ku ñëw cib xamtukat laaj ko dara deesu ko nangul julli ñent-fukki guddi

Jële na ñu ci yenn Soxnay Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «ku ñëw cib xamtukat laaj ko dara deesu ko nangul julli ñent-fukki guddi».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day moytondikuloo di dem cib xamtukat -tur la wu boole gisaanekat ak kuy xamtu ci bidiw yi, ak kuy xamtu ci beeñ bi, ak yu mel ni yooyu, ci képp kuy tegtaloo ci xam kumpa ci jëfandikoo ay bir yu muy jiital- ak ne ku leen laaj dara ci biri kumpa Yàlla dana ko xañ yoolu julleem yi ñent-fukki fan; loolu nag am mbugal la ci bàkkaar bu mag bii.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5986